



Avantaj SNAP ou ka ogmante depi ou verifye depans pou swen medikal ou

Kimoun ki ka reklame depans pou swen medikal ?

Nenpòt moun ki gen andikap pèmanan oswa ki gen laj 60 tan oswa plis

Kijan depans pou swen medikal ap ogmante avantaj SNAP mwen yo ?

Avantaj SNAP yo baze sou salè ak depans yon kay genyen. Si ou reklame depans medikal ou yo sa ap diminye kantite lajan salè ki konte nan bay yon kredi.

Ou gen menm kredi a si depans ou fè chak mwa se ant \$35.01 ak \$190.00. Ou resevwa yon pi gwo kredi si depans yo pi plis pase \$190. Avantaj SNAP yo pa chanje si ou gentan resevwa kantite lajan maksimòm SNAP.

Ki depans ou kapab reklame pou swen medikal?

Gen egzanp sou sa nan do paj la. Ou ka resevwa kredi menmsi ou poko peye.

Ki prèw ki nesèsè ?

Nou bezwen resi oubyen bòdwo kòm prèw pou pifò nan depans pou swen medikal ou yo. Ou ka fè rapò aloral pou milyaj. Si w ap reklame depans pou swen medikal nan yon administrasyon lojman, ou ka mande yo pou ba ou yon fèy kalkil pou lwaye ou, epi voye li ban nou annapre.

Kijan m ka voye prèw ba DTA ?

Ou ka voye prèw ban nou nenpòt lè.

Sou Entènèt	DTAConnect.com oubyen DTA Connect Mobile App
Pa lapòs	DTA Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780
Nan faks	(617) 887-8765
Fasafas	Nan nenpòt biwo DTA

Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon konsènan prèw pou mwen voye epi kijan sa ap chanje avantaj yo ?

Si ou gen laj 60 tan oswa pi plis, rele biwo èd pou moun aje nan nimewo (833) 712-8027

Si ou poko gen laj 60 tan, rele sèvis èd DTA nan nimewo (877) 382-2363

Egzanp depans medikal ki admisib

Medikaman

- Preskripsyon
- San preskripsyon
- Sipleman / vitamin



Chen-sèvis pou sipò

- Bòdwo veterinè
- Manje pou bèt
- Materyèl pou swen bèt



Prim asirans

- Sante debaz
- Swen zye
- Swen dan
- Medikaman



Depans pou swen sante nan kay

- Èd pou swen pèsònèl
- Èd pou swen nan kay (Home health aide)
- Gadri pou timoun / adilt ou responsab



Aparèy medikal

- Chèz-woulan
- Bekiy
- Pwotèz
- ekipman pou kominike
- Kad pou mache




Terapi altènatif

- Akiponkti
- Masaj
- Terapi Fizik
- Kiwopraktè



Founiti ki asosye ak sante

- Kouchèt pou adilt
- Fodan
- Aparèy pou tande / pil
- Vè-kontak
- Linèt



Transpò

- Taksi, Uber / Lyft
- Transpò piblik
- Depans pou pakin
- Mileyaj nan machin (lokal oto-deklarasyon)



Kopeman

- Klinik doktè
- Klinik dantis
- Lopital



Lòt

- Bòdwo medikal inik
- Abònman nan klèb espò



Ou ka sèvi ak lis sa a pou ede ou prezante prèv depans ou yo.

Kantite resi / bòdwo ou prezante : _____